# ГЪУЗЕӀ И ТХЫЛЪЫӀ

# ГЪУЗЕР И ТХЫЛЪЫР

ФIыцIагъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ институт
Мэзкуу, 2026

# Гъузер и тхылъыр

ЗэзыдзэкIар Джыназ Заремэщ

Тхыгъэ ЛъапIэм щыщу адыгэбзэкIэ зэрадзэкIа тхылъхэм я электрон жыпхъэхэмрэ аудиощапхъэхэмрэ фэ къыщывгъуэтыфынущ Тхыгъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ институтым и сайтым ibt.org.ru/ru/media?id=KBD

© Институт перевода Библии, 2026

## ПЭУБЛЭ ПСАЛЪЭ

«Гъузер и тхылъыр» зы тхыгъэм и япэ Iыхьэу, «Нэхьэмий и тхылъыр» етIуанэ Iыхьэу журтхэм ябжыр. Абы къыщыIуэта хъыбархэм щыщIидзэр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 538 гъэрщ. Абы ипэ илъэс тхущI хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, ехьудей пащтыхьхэм я лъэхъэнэр иухат: Ерусэлим зэхэкъутат, пащтыхьыгъуэ щыIэжтэкъым, лъэпкъыр Бабылей ягъэIэпхъуат.

«Гъузер и тхылъым» къыщыIуэтащ къэжэрхэм Бабылейр щаубыдам, абы гъэру дэса журтхэм Ехьудейм къызэрагъэзэжыр. Абыхэм я нэхъыбэр къыщалъхуари къыщыхъуари Бабылеирщ. Журтхэм Ехьудейм къагъэзэжа нэужь (1-2) Тхьэм и Унэр къызэфIагъэувэжащ (3-6), абы къыдэкIуэу Тхьэм ИсрэIилым ирищIылIа Iуагъэм къару игъуэтыжащ (7-10).

Тхылъым и япэ Iыхьэм (1-6) и лIыхъужьыр ЗэрубабылкIэ зэджэ лIырщ. Ар иужьрей ехьудей пащтыхьым и щIэблэм щыщти къэжэр пащтыхьым Ехьудейм и Iэщхьэтет ищIат. (Ехьудейр а зэманым къэралыгъуэ щхьэхуэу щытыжтэкъым, Къэжэрым и зы щIыналъэу арат). Зэрубабыл теухуауэ мы тхылъым кIэщIу фIэкIа имытми, аращ зи фIыщIэр япэ гупышхуэм къызэригъэзэжар. Ар къурмэнщIыпIэр къызэфIэзыгъэувэжхэми, къурмэн щIыным щIэзыдзэжхэми, Тхьэм и Унэр къыдэзыщIеижхэми я пашэу щытащ.

Журтхэм къагъэзэжа нэужь, я Iуэху тыншу дэкIакъым. Ехьудейм и Iэгъуэблагъэхэм щыпсэу лъэпкъхэр хуейтэкъым Тхьэм и Унэр къыдращIеижынуи езы Ерусэлими къызэфIагъэувэжынуи. Абы и щыхьэтщ тхылъым

къыщыхьа тхыдэ дэфтэрхэр (4-6). А Іыхьэхэм зи гугъу щищІыр зэкІэлъхьэужьу къэІуэтауэ пхужыІэнукъым. Унэр къыщыдращІеижым къазэрыпэщІэтар Ерусэлим къыщызэфІагъэувэжым къазэрыпэщІэтам хэпщауэ къокІуэ, иужьрейр куэдкІэ нэхъ гувауэ къэхъуа пэтми. Абы къегъэлъагъуэ тхылъыр зытхахэм апхуэдэ Іуэхугъуэхэм зэреплъыр: сыт хуэдэ лъэпощхьэпо къыкъуэмыкІми, и лъэпкъыр къиІэтыжыну Тхьэм зэримурадыр. ИкІэмикІэжым ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 515 гъэм Тхьэм и Унэр къызэфІагъэувэжащ.

Ар лъэпкъым зыкъызэриІэтыжым и щІэдзапІэу арат, абы щІыгъуу Тхьэм и Хабзэри джын хуейт. Аращ зытеухуар тхылъым и етІуанэ Іыхьэр (7-10). Иджы абы и лІыхъужьыр зи цІэр мы тхылъым фІэщыгъэцІэ хуэхъуа журт дингъуазэ Гъузерщ. Гъузер я пашэу (ари Бабылейм къыщалъхуащ) иджыри зы гупышхуэм къигъэзэжащ. Ахэр Ерусэлим къыщыдэтІысхьэжар Тхьэм и Унэр къызэрызэфІагъэувэжрэ илъэс хыщІым нэблагъэ дэкІа нэужьщ – ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 458 гъэрщ, къэжэр пащтыхь АртІэхъшастэ и лъэхъэнэрщ. Гъузер и хьисэпыр гъэрыпІэм ита и лъэпкъэгъухэм Тхьэм и Хабзэр егъэщІэнырт. Ар псэемыблэжу хущІэкъурт цІыхухэр Тхьэм хуишэжу ехьудей жылагъуэм зыкъригъэІэтыжыну.

Абы щхьэкІэ Гъузер лъэпкъым и нэхъыжьхэр къигъэдаІуэри абыхэм я унафэкІэ хамэ лъэпкъхэм щыщ цІыхубз къэзыша журтхэм я щхьэгъусэхэр ирагъэкІыжын хуей хъуащ. Тэурэтым къриджыкІауэ Гъузер щыгъуазэрт журтхэр нэгъуэщІ лъэпкъхэм пэІэщІэу щытыну Тхьэм зэригъэувар. Мы тхылъым и иужьрей псалъэухам къегъэлъагъуэ а унафэр сабийхэми зэрылъэІэсар: адэхэм я сабийхэри зыхагъэкІын хуейт. Апхуэдэу нэщхъейуэ тхылъыр еух. Ауэ Тэурэтым набдзэгубдзаплъэу еджэм ещІэр и лъэпкъымкІэ адрей лъэпкъхэм зэгуэр къахуэнэхуну Тхьэм Ибрэхьими нэгъуэщІхэри къызэригъэгугъар. Аращи,

«Гъузер и тхылъым» уеджа нэужь мыр уи гум къокIыр: а зэман мытыншхэм журтхэр лъэпкъыу къызытенэн щхьэкIэ, ткIийуэ яхущытами, абдежым Тхьэм и мурадхэр щиухкъым.

## ЯПЭ ІЫХЬЭ

### *Пащтыхь Къурыш гъэрыпІэм ит журтхэр зэриутІыпщыжар*

1 [1] ТХЬЭМ* и псалъэу бегъымбар Ерэмей къиІуэтэжар гъэзэщІа
хъун папщІэ, ТХЬЭМ и ІэмыркІэ къэжэр пащтыхь Къурыш[a]
унафэ къыдигъэкІащ. Ар къыщыхъуар Къурыш пащтыхьу щытеува
илъэсырщ. А унафэр пащтыхьыгъуэ псом щагъэІуащ:

[2] «Къэжэр пащтыхь Къурыш и псалъэр мыращ:
Уафэхэр ЗыІэщІэлъ ТХЬЭМ щІылъэм пащтыхьыгъуэу тет
псори си ІэмыщІэ кърилъхьэри пщэрылъ сщищІащ Ехьудей
хэкум ит Ерусэлим Унэ щыхуэзухуэну. [3] ТХЬЭМ и лъэпкъым
щыщ дэтхэнэ зыми Ерусэлим игъэзэжу абы щыІэ ТХЬЭМ,
ИсрэІилым и Тхьэм, и Унэр зэфІигъэувэж хъунущ. Я Тхьэм
и нэфІ абыхэм къащыхуэну сахуолъэІуэ! [4] Псэууэ къэна журт-
хэм ящыщу Ерусэлим зыгъэзэжыну мурад зыщІахэм ахэр зы-
хэс лъэпкъхэм дыжьынрэ дыщэрэ, мылъкурэ Іэщрэ кърырат,
Тхьэм и Унэм папщІи гупыкІ тыхьхэр кърырахь».

[5] Арати, Ехьудрэ Бенаминрэ я лІакъуэхэм хыхьэ унагъуэу хъуам
я тхьэмадэхэми, тхьэпщхэми*, лэбийхэми* загъэхьэзырри ТХЬЭМ
и Унэр яухуэну Ерусэлим ежьащ. Абыхэм ящІыгъут Тхьэм а Іуэхум
зи гур хуигъэуша псори. [6] Гъуэгу техьэнухэм гупыкІ тыхьхэм къы-
дэкІуэу гъунэгъухэм дыжьыным къыхэщІыкІа хьэпшып, дыщэ
хузэхуахьэсащ, хэти нэгъуэщІ мылъкурэ ІэщкІэ къахуэупсащ,
куэдым хьэпшып лъапІэхэр иратащ.

---

[a] **1:1** Ар ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 559 гъэм щегъэжьауэ 530 гъэм нэс пащты-
хьыгъуэр зи ІэмыщІэ илъа пащтыхьышхуэкІэ зэджэ къэжэр пащтыхь Къурыш
ЕтІуанэрщ. Абы къизэуауэ щытащ ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 539 гъэм
журтхэр гъэрыпІэм иту щыпсэуа Бабылейр.

[7] Пащтыхь Къурыш ТХЬЭМ и Унэм щIэлъа хьэкъущыкъухэри
къригъэхьащ. Ахэр пащтыхь Нэбыхъунэщыр[a] Ерусэлим къыдишу,
езым и тхьэм и унэм щIилъхьауэ щыта хьэкъущыкъухэрат. [8] Къэжэр
пащтыхь Къурыш ахэр хъугъуэфIыгъуэщым и тет Мыхьридад
иритащ. Абы хьэпшып къэс зырызыххэу къилъытэурэ ехьудейхэм
я пашэ Щыхьбэзэр иритыжащ. [9] Мис хьэпшыпхэм я бжыгъэр къыщыгъэлъэгъуа
тхылъым итар:

дыщэ тепщэчу щэщI;
дыжьын тепщэчу мин;
сэуэ[b] тIощIрэ бгъу;
[10] дыщэ фалъэу щэщI;
зэщхьу дыжьын фалъэу щиплIрэ пщIы;
нэгъуэщI хьэпшыпу мин.

[11] Псори зэхэту дыщэмрэ дыжьынымрэ къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр
минитхурэ щиплI хъурт. ГъэрыпIэм итахэм Бабылей икIыжу
Ерусэлим щагъэзэжым, ахэр псори Щыхьбэзэр къыздищтащ.

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *ГъэрыпIэм къикIыжахэр*

**2** [1-2] Мыхэрщ бабылей пащтыхь Нэбыхъунэщыр гъэру иубыдауэ
щытахэм ящыщу я хэкум къэзыгъэзэжахэр. Ахэр Зэрубабыл,
Йушэ, Нэхьэмий, Сэрей, Арылей, Мардэхей, Былшан, Мыспар,
Быгуей, Архьум, БэIэнэ сымэ я гъусэу Ерусэлим, Ехьудейм кIуэжри,
щхьэж и къалэ дэтIысхьэжащ. Мис исрэIил лъэпкъым щыщу
къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэр:

---

[a] 1:7 Нэбыхъунэщыр ЕтIуанэм ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 605 гъэм щегъэжьауэ 562 гъэм нэс Бабылейм пащтыхьыгъуэр щызэрихьащ. Аращ ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 597 гъэм Ерусэлим ебгъэрыкIуэу къэзызэуар.

[b] 1:9 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

3 ПэрIуш къытехъукIахэр – минитIрэ щэрэ блыщIрэ тIу;
4 Щэфатей къытехъукIахэр – щищрэ блыщIрэ тIу;
5 Арэхъ къытехъукIахэр – щиблрэ блыщIрэ тху;
6 Пэхьэтмэуаб (Йушэрэ Йоуабрэ я лъэныкъуэкIэ) къытехъукIахэр – минитIрэ щийрэ пщыкIутI;
7 Елэм къытехъукIахэр – минрэ щитIрэ тхущIрэ плIы;
8 ЗэтIу къытехъукIахэр – щибгъурэ плIыщIрэ тху;
9 Зэкъей къытехъукIахэр – щиблрэ хыщI;
10 Бэний къытехъукIахэр – щихрэ плIыщIрэ тIу;
11 Бэбей къытехъукIахэр – щихрэ тIощIрэ щы;
12 Азгъэд къытехъукIахэр – минрэ щитIрэ тIощIрэ тIу;
13 АдунейкIэм къытехъукIахэр – щихрэ хыщIрэ хы;
14 Быгуей къытехъукIахэр – минитIрэ тхущIрэ хы;
15 Адин къытехъукIахэр – щиплIрэ тхущIрэ плIы;
16 Атэр (ХъызэкIей и лъэныкъуэкIэ) къытехъукIахэр – бгъущIрэ и;
17 Бэзей къытехъукIахэр – щищрэ тIощIрэ щы;
18 Йорэхь къытехъукIахэр – щэрэ пщыкIутI;
19 Хьэшум къытехъукIахэр – щитIрэ тIощIрэ щы;
20 Джыбэр къытехъукIахэр – бгъущIрэ тху.

21 Бэтлахьым щыпсэухэр – щэрэ тIощIрэ щы;
22 НэтIэуэф щыщхэр – тхущIрэ хы;
23 Анэтут щыщхэр – щэрэ тIощIрэ и;
24 Азмэуэт щыщхэр – плIыщIрэ тIу;
25 Къэрэтэрам, Чэфырэ, Бэурэт щыщхэр – щиблрэ плIыщIрэ щы;
26 Арэмэхь, Джыбэхь щыщхэр – щихрэ тIощIрэ зы;
27 Мыхьмэс щыщхэр – щэрэ тIощIрэ тIу;
28 БэтIэл, Iэят щыщхэр – щитIрэ тIощIрэ щы;
29 Нэбэу щыщхэр – тхущIрэ тIу;
30 Магъбыш щыщхэр – щэрэ тхущIрэ хы;
31 адрей Елэм къалэм щыщхэр – минрэ щитIрэ тхущIрэ плIы;
32 Хьэрым щыщхэр – щищрэ тIощI;

[33] Луд, Хьэдид, Iуэну щыщхэр – щиблрэ тIощIрэ тху;
[34] Йэрыхъуэ щыщхэр – щищрэ плIыщIрэ тху;
[35] Сэней щыщхэр – минищрэ щихрэ щэщI.

[36] Тхьэпщ къэзыгъэзэжахэр:
Йадей и щIэблэм щыщхэр (Йушэ и унагъуэм и лъэныкъуэкIэ) – щибгъурэ блыщIрэ щы;
[37] Имер и щIэблэм щыщхэр – минрэ тхущIрэ тIу;
[38] Пэщгъур и щIэблэм щыщхэр – минрэ щитIрэ плIыщIрэ блы;
[39] Хьэрым и щIэблэм щыщхэр – минрэ пщыкIубл.

[40] Лэбийхэм ящыщу къэзыгъэзэжахэр:
Йушэ, КъэдымрэIил, Бинуй, Хъуэдэуей сымэ къатехъукIахэр[a] – блыщIрэ плIы.

[41] УэрэджыIакIуэ къэзыгъэзэжахэр:
Ащэф и щIэблэм щыщхэр – щэрэ тIощIрэ и.

[42] БжэIут къэзыгъэзэжахэр:
Щалум, Атэр, Тэлмун, Акъуб, Хьэтитэ, Шубей сымэ къатехъукIыжахэр – щэрэ щэщIрэ бгъу.

[43] Тхьэм и Унэм щыпщылIыну лэбийхэм иратахэм[b] щыщу зи щIэблэ къэзыгъэзэжахэр:
Зыхьэ, Хьэсуфэ, Тэбэуэт,
[44] Къыруэс, Сей, Пэдэуэн,
[45] Лэбанэ, Хьэгъабэ, Акъуб,
[46] Хьэгъэб, Щэмлей, Хьэнан,

[a] **2:40** Е: «ЙушэрэКъэдымрэIилрэ къатехъукIахэр (Хъуэдэуей и лъэныкъуэкIэ)».
[b] **2:43** Пасэрей журтыбзэмкIэ «нэтиним» псалъэм «ята» мыхьэнэр иIэщ. Зи гугъу ищIыр Тхьэм и Унэм щылэжьэну лэбийхэм иратахэращ. Еплъ 8:20. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, мы тхылъым къыщыIуэта Iуэхугъуэхэр щыщыIа лъэхъэнэм абыхэм я щIэблэр пщылIу щытыжакъым. Ауэ абыхэм иджыри «ята» псалъэмкIэ щеджэкIэ, ди зэдзэкIыгъэм «лэбийхэм пщылIу иратахэр» къэдгъэсэбэпынущ.

47 ДжэдылI, Джэхъар, Арей,
48 Арзэн, Нэкъудэ, Джэзам,
49 Iузэ, Пасэхъу, Бэсей,
50 Аснэхь, МэIунит, Нэфсим,
51 Бэчбыкъуэ, Хьэкъуфэ, Хьэрхъур,
52 БэзлутI, Мэхьидэ, Хьэрышэ,
53 Бэркъуэс, Щэщэр, Тэмахъэ,
54 Нэзей, Хьэтыфэ сымэ.

55 Сэлмэн и лIыщIэхэм къатехъукIахэр:
Сэтей, СэфэрэтI, Пэрыуэд,
56 ЙаIэл, Дэркъуэн, ДжыдэлI,
57 Щэфатей, ХьэтIил, Пэкуэрэтхьэзыбэм, Амий сымэ я
щIэблэр.

58 Лэбийхэм пщылIу иратахэмрэ Сэлмэн и лIыщIэхэм къатехъу-
кIахэмрэ зэгъусэу щищрэ бгъущIрэ тIу мэхъу.

59 ИсрэIил къазэрытехъукIар нахуэу къэзымыгъэлъэгъуэфауэ
Тэлмэлэхь, Тэлхьэрышэ, Хъурыб, Адэн, Имер къалэхэм къи-
кIахэр мыхэрщ:
60 Дэлей, Тубей, Нэкъудэ сымэ я щIэблэр псори зэхэту
щихрэ тхущIрэ тIу мэхъу.

61-62 Мыхэр тхьэпщхэм зэращыщым щыхьэт техъуэ тхылъ лъы-
хъуами, зымыгъуэтыжахэрщ:
Хьэбей, Хьэкуэз, Бэрзылай сымэ я щIэблэр. Бэрзылай
езыр ДжылыIэдейм щыщ Бэрзылай и пхъур щхьэгъусэ зы-
щIу и цIэри къэзыщтарщ.
Ахэр псори мыкъабзэу къалъытэри тхьэпщ хьэкъым пэIэщIэ
хуащIащ. 63 Ехьудей хэкум и тетым абыхэм унафэ яхуищIащ ури-
мымрэ тумимымрэ* къэзыгъэсэбэпыфыну тхьэпщ къыкъуэкIыху
ерыскъы лъапIэ зыIуамыгъэхуэну.

[64] Псори зэхэту ахэр цIыху мин плIыщIрэ тIурэ цIыху щищрэ
хыщIрэ хъурт, [65] цIыхухъуи цIыхубзи унэIут миниблырэ щищ-
рэ щэщIрэ блыр хэмыту; абыхэм иджыри цIыхухъуи цIыхубзи
уэрэджыIакIуэу щитI я гъусэт. [66] Абыхэм шыуэ щиблрэ щэщIрэ
хырэ, къыдыру* щитIрэ плIыщIрэ тхурэ, [67] махъшэу щиплIрэ
щэщIрэ тхурэ, шыду минихрэ щиблрэ тIощI яIэт.

[68] Ерусэлим дэт Тхьэм и Унэм къыщысам, ар здэщыта дыдэм деж
щызэфIагъэувэжын щхьэкIэ, языныкъуэ унагъуэхэм я нэхъыжьхэм
я мылъкум щыщ хатыкIащ. [69] Щхьэж зэрыхузэфIэкIым хуэдэу, мы
Iуэхум щхьэкIэ яту хъугъуэфIыгъуэщым щIалъхьар дыщэу дарыкъ
мин хыщIрэ зы[a], дыжьыну минэ минитху[b], тхьэпщ фэилъхьэгъуэу
щэ хъурт.
[70] Тхьэпщхэри, лэбийхэри, цIыхубэм щыщхэри – уэрэджыIа-
кIуэхэр, бжэIутхэр, лэбийхэм пщылIу иратахэр – щхьэж и къалэ
дэтIысхьэжащ, адрей исрэIилхэми я къалэхэм ягъэзэжащ.

## ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### *КъурмэнщIыпIэр зэрызэфIагъэувэжар*

**3** [1] Еблане мазэр къихьэу исрэIилхэм щхьэж и псэупIэр зригъэ-
гъуэтыжа нэужь, лъэпкъыр зылI и быну Ерусэлим щызэхуэ-
сащ. [2] Йосадыкъ и къуэ Йушэ, и тхьэпщэгъухэр, ШэлтэIил и къуэ
Зэрубабыл, абы и унэкъуэщхэр ИсрэIилым и Тхьэм и къурмэн-
щIыпIэр зэрагъэпэщыжу щIадзащ, Тхьэм и цIыху Мусэ итхыжа
Хабзэм тету, тыхь гъэсынхэр ящIын щхьэкIэ. [3] ИхъуреягъкIэ щыс
лъэпкъхэм ящышынэ пэтми[c], абыхэм къурмэнщIыпIэр здэщыта
дыдэм деж щаухуэжри, пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми тыхь гъэ-
сынхэр ТХЬЭМ хуащIу щIадзэжащ.

[a] 2:69 Килограмм щитху хуэдиз мэхъу.
[b] 2:69 Килограмм миниш хуэдиз мэхъу.
[c] 3:3 Е: «зэращышынэм щхьэкIэ».

4 ИужькIэ, Хабзэм къызэригъэувым тету, абыхэм ПщыIэтес-
хэм я махуэщIыр[a] ягъэлъэпIащ, дэтхэнэ махуэми хуэфащэ тыхь
гъэсынхэр ящIащ. 5 Абы лъандэрэ исрэIилхэм зэпымыууэ тыхь
гъэсынхэри, мазэщIэ тхьэлъэIухэм* теIуа къурмэнхэри, ТХЬЭМ
и цIэкIэ къыдах махуэ лъапIэхэм техуэ къурмэнхэри ящIырт. Абы
къищынэмыщIауэ, ТХЬЭМ щхьэкIэ щхьэж игу пыкIым хуэдиз
и мылъкум хитыкIырт. 6 ТХЬЭМ и Унэм и лъабжьэр иджыри ямы-
гъэтIылъа пэтми, ебланэ мазэм и япэ махуэм абыхэм ТХЬЭМ тыхь
гъэсынхэр хуащIу щIадзащ.

### *Тхьэм и Унэм и лъабжьэр зэрагъэтIылъар*

7 ИсрэIилхэм мывэ зыIущIхэмрэ пхъащIэхэмрэ лэжьапщIэ ира-
ту хуежьащ. Къищынэмыщауэ, абыхэм саидейхэмрэ сурейхэмрэ[b]
я деж уэздыгъей* ентIырхэр къыщащэхуащ, уасэу ерыскъы, санэ,
дагъэ щIатри. ЕнтIырхэр ЩIыкурытыхымкIэ Ливан къэрашрэ Йафэ
къэрашэлIэну къэжэр пащтыхь Къурыш хуит ищIат.
8 Ахэр Ерусэлим дэт Тхьэм и Унэм къызэрекIуэлIэжрэ илъэс
ирикъуат. ЕтIуанэ илъэсым и етIуанэ мазэм щыхыхьэм, ШэлтэIил
и къуэ Зэрубабылрэ Йосадыкъ и къуэ Йушэрэ лэжьыгъэм пэры-
уващ. Абыхэм я гъусэу лэжьэн щIадзащ адрей я лъэпкъэгъухэми
(тхьэпщхэм, лэбийхэм, гъэрыпIэм къикIыжу Ерусэлим къэзы-
гъэзэжа псоми). ТХЬЭМ и Унэр зэраухуэм я нэIэ трагъэтыну зи
ныбжьыр илъэс тIощIым щIигъуа лэбийхэр къыхахащ. 9 Йуши,
и къуэхэмрэ и къуэшхэмрэ щIыгъуу, Хъуэдэуей къытехъукIа
КъэдымрэIили, и къуэхэр и гъусэу, лэжьыгъэ екIуэкIым кIэлъы-
плъу щIадзащ. Абыхэм яхэтащ Хьэнэдад и щIэблэмрэ абыхэм я
Iыхьлыхэмрэ. Ахэр псори лэбийхэм ящыщт.[c]

---

[a] **3:4** ПщыIэхэм щыпсэууэ ягъэлъапIэ махуэщIыр хуэунэтIащ исрэIилхэр пша-
хъуэщIым щитым Тхьэр къазэрыщхьэщытам.

[b] **3:7** ЩIыкурытых Iуфэм Iута къалэшхуитIым, иджыпсту Ливан къэралыгъуэр
здыхуэзэм деж, щыпсэуа сайдэхэмрэ сурейхэмрэ фыныкIей лъэпкъым щыщт.

[c] **3:9** Е: «Йушэ, и къуэхэмрэ и къуэшхэмрэ щIыгъуу, (Хэнэдыд и лъэпкъым щыщ)
КъэдымрэIил, Бинуй, Хъуэдэуей сымэ лэжьыгъэ екIуэкIым кIэлъыплъу щIа-
дзащ. (Ахэр псори лэбийхэм ящыщт.)» Еплъ Нэхьэмий 10:9.

[10] УхуакIуэхэм ТХЬЭМ и Унэм и лъабжьэр щагъэтIылъам,
тхьэпщхэм я щыгъын лъапIэхэр зыщатIэгъащ, накъырэхэр къа-
гъэIэгъуащ. Ащэф и щIэблэм щыщ лэбийхэм дзыргъ-дзыргъхэр
къызэкъуахри, ИсрэIилым и пащтыхь Даут къызэрыхилъхьауэ
щытам хуэдэу, ТХЬЭМ фIыщIэ хуащIыну щхьэж и пIэ иуващ.
[11] Абыхэм ТХЬЭР ягъэлъапIэу, фIыщIэ хуащIу зэпэджэжу уэ-
рэд жаIэрт:

«Ар фIыкIейщ,
Абы ИсрэIилым хуиIэ лъагъуныгъэ пэжыр ух зимыIэщ!»

ТХЬЭМ и Унэм и лъабжьэр зэрагъэтIылъам щхьэкIэ, уэрэдым
пэджэжу, цIыхубэм ТХЬЭМ щытхъур ину хуагъэшырт. [12] Япэрей
Унэр зылъэгъуауэ зи ныбжь хэкIуэта тхьэпщхэр, лэбийхэр, уна-
гъуэхэм я нэхъыжьхэр Тхьэм и Унэм и лъабжьэр зэрагъэтIылъым
еплъурэ зэщыджэу гъырт[a], адрейхэм дуней гуфIэгъуэр зэрахьэрт.
[13] Гъы макъри гуфIэгъуэ макъри зэхыхьэжауэ апхуэдизкIэ цIыхубэр
зэрызехьэрти, жыжьэу щызэхэпхырт.

## ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэм и Унэр къыдэзыщIеижхэм жагъуэгъухэр зэрапэщIэтар*

**4** [1] А щIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм щыщ куэд ехьудейхэмрэ
бенаминхэмрэ я бийт. Абыхэм зэхахащ дыгъуасэ гъэрыпIэм
къикIыжахэм ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, и Унэр зэрызэра-
гъэпэщыжыр. [2] Абы щыгъуэ ахэр Зэрубабылрэ унагъуэхэм я нэ-
хъыжьхэмрэ я деж кIуащ. «Хуит дыкъэфщI ухуэныгъэм ди гуащIэ
хэтлъхьэну, – жаIащ абыхэм. – Мыбы дыкъэзыгъэIэпхъуа ащурей

[a] 3:12 Къэплъытэ зырыхъунумкIэ, ахэр щIэгъыр исрэIил пащтыхь Сэлмэн иу-
хуауэ щыта япэрей Унэм и дахагъэр ягу къэкIыжу къызэрыгумэщIаращ. Еплъ
Хьэджий 2:3.

пащтыхь Ащуркъудан[a] и тетыгъуэ лъандэрэ дэри, фэ фхуэдэу, фи Тхьэм лъэIукIэ зыхудогъазэ икIи къурмэн худощI».

[3] «Ди Тхьэм и Унэр ди гъусэу фэдгъэухуэнукъым, – ядакъым Зэрубабыли, Йуши, нэхъыжьхэми. – Къэжэр пащтыхь Къурыш унафэ къытхуищIам дытету, ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, и Унэр ди закъуэу дыухуэнущ».

[4] Апхуэдэу щыхъум, а щIыпIэм ис лъэпкъхэр хуежьащ журтхэр я ухуэныгъэм хущIрагъэгъуэжыну, ягъэшынэу адэкIэ прамыгъэщэну. [5] Жагъуэгъухэм журтхэм къыхалъхьа Iуэхур зэтрахун щхьэкIэ, къэжэр пащтыхь Къурыш и лъэхъэнэми Дарий[b] и тетыгъуэми къулыкъущIэхэр Iулъхьэ къаубыд зэпыту екIуэкIащ.

## *Ерусэлим мывэхъунэр щыдращIеижми зэран зэрахуэхъуар*

[6] ИужькIи, Ахъийшурэщ[c] и тетыгъуэм щIидзауэ, жагъуэгъухэм ехьудейхэмрэ ерусэлимдэсхэмрэ щхьэкIэ тхьэусыхафэ тхылъ ятхащ.

[7] АртIэхъшастэ[d] и тетыгъуэми Бишлъам, Мыхьридад, Табил сымэ, адрей я акъылэгъухэр ящIыгъуу, тхьэусыхафэ тхылъ ятхри къэжэр пащтыхьым хуагъэхьат. Ар зэратхар арэмеибзэт, ауэ зэдзэкIат[e].

[8] Пащтыхьым и лIыкIуэ Архьумрэ тхакIуэ Щымщейрэ Ерусэлим дэсхэм щхьэкIэ тхьэусыхэу пащтыхь АртIэхъшастэ мыпхуэдэу[f] хуатхырт:

---

[a] **4:2** Ащуркъудан ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 681 гъэм щегъэжьауэ 669 гъэм нэс пащтыхьыгъуэр зэрихьащ.

[b] **4:5** Ар ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 522 гъэм щегъэжьауэ 486 гъэм нэс пащтыхьыгъуэр зи IэмыщIэ илъа къэжэр пащтыхь Дарий Езанэрщ.

[c] **4:6** ЩIэныгъэлэжьхэм я нэхъыбэм зэрызэдащтамкIэ, тхыгъэм зи цIэр къыхэщ Ахъийшурэщыр Къэжэр пащтыхьыгъуэр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 486/5 гъэм щегъэжьауэ 465 гъэм нэс зи IэмыщIэ илъа Ксеркс Езанэрщ.

[d] **4:7** Ар ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 464 гъэм щегъэжьауэ 424 гъэм нэс пащтыхьыгъуэр зи IэмыщIэ илъа къэжэр пащтыхь АртIэхъшастэ Езанэрщ.

[e] **4:7** *ауэ зэдзэкIат* Пасэрей журтыбзэкIэ мы едзыгъуэм и кIэухыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым. 4:8 щегъэжьауэ 6:18 нэсыху тхыгъэр зэрытхар амэреибзэщ.

[f] **4:8** Е: «иджыри».

[9] «Мы тхыгъэр пащтыхьым и лІыкІуэ Архьум, тхакІуэ Щымщей,
абыхэм я акъылэгъу хьэкумыщІэхэм, Іуэхузехьэхэм, хэгъэгу па-
шэхэм, къулыкъущІэхэм, Арэхърэ Бабылейрэ щыщхэм, Шушан
дэс елэмейхэм, [10] пщІэрэ щхьэрэ зиІэ Ащурнэпар[a] гъэр къищІу
щэмэрей[b] къалэхэм дигъэтІысхьа, АдрыщІым[c] щигъэтІыса адрей
лъэпкъхэм къабгъэдокІ».

[11] Мыращ абыхэм пащтыхьым хуагъэхьа тхылъым итар:

«Пащтыхь АртІэхъшастэ деж АдрыщІым щыпсэу уи жыІэщІэ-
хэм къабгъэдэкІыу:

[12] Пащтыхьым ирырещІэ мы щІыпІэхэм къигъэкІуэжа журт-
хэр Ерусэлим къэкІуауэ зэпымычу цІыхухэр къыщызэрыІэт
мы къалэ угъурсызыр щІэрыщІэу зэрызэрагъэпэщыжыр: лъа-
бжьэхэр ягъэбыдэ, мывэхъунэхэр дращІеиж. [13] Пащтыхьым
ирырещІэ къалэр зэфІагъэувэжрэ мывэхъунэхэри дращІеижмэ,
журтхэм къуэдыи* хьэкъули зэрыпхуамытыжынур, абы къы-
хэкІыу пащтыхьым и хэхъуэр нэхъ мащІэ зэрыхъунур. [14] Зи
шыгъупІастэ тшхы пащтыхьым лей къызэрытехьэр дигу те-
мыхуэу дынатхэу аращ. [15] Ерусэлим и хъыбарыр уи япэ итахэм
я тхыдэ тхылъхэм къыщегъэлъыхъуэж. Абыхэм къыщыхощ
а къалэр ижь-ижьыж лъандэрэ зэрыхьэргъэшыргъэщІыр.
Пащтыхьхэмрэ хэгъэгу тетхэмрэ зытеунахъуэ, сыт щыгъуи
цІыхухэр щызэрызехьэ, зыкъыщаІэт къалэщ ар. Аращ ар щІы-
зэхакъутауэ щытари. [16] Къалэр зэфІагъэувэжрэ мывэхъунэхэр
дращІеижым, АдрыщІым зыри къызэрыщыпхуэмынэнур ны-
бжыдоІэ».

[17] Пащтыхь АртІэхъшастэ жэуапу къигъэхьыжар мыращ:

---

[a] **4:10** Нэгъуэщ1у «Ащырбэнипэл». Абы ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 669 гъэм щегъэжьауэ 631 гъэм нэблагъэ хъухукІэ Ащурейм пащтыхьыгъуэр щызэрихьащ.

[b] **4:10** Къэжэр пащтыхьыгъуэм и хэгъэгу нэхъыщхьэхэм ящыщ зыт.

[c] **4:10** Къэжэр пащтыхьыгъуэм хэту Фэратыпсым и къуухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ къыщылъ щІыгущ. Абы Ехьудейри гъунэгъу щІыналъэхэри хыхьэрт.

«Пащтыхьым и лIыкIуэ Архьуми, тхакIуэ Щымщеи, фи
акъылэгъухэми, щэмэрей къалэхэми, АдрыщIым щыпсэухэми
фIэхъус фызох!
[18] Къысхуевгъэхьа тхьэмпэтхылъым къысхуеджащ, итри сху-
зэрадзэкIащ. [19] Си унафэкIэ тхыдэ тхылъхэм хэплъэжри, а къа-
лэм ижь-ижьыж лъандэрэ хьэргъэшыргъэхэр щымыужьыхыу,
къалэдэсхэр пащтыхьым зыкъыпаIэту, зэрызехьэу зэрыщытар
къахутащ. [20] Ауэ Ерусэлим пщы лъэщхэм я IэмыщIэ илъащ.
Ахэр АдрыщIи щытепщэу, къуэдырэ хьэкъулэрэ къыхахыу щы-
тащ. [21] Аращи, унафэ яхуэфщI лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIэну.
ЯжефIэ, сэ хуит сымыщIауэ къалэр къызэфIамыгъэувэжыну.
[22] Мы Iуэхум фи нэIэ тевгъэт. Ар Iэпэдэгъэлэл фщIыуэ сыт
щхьэкIэ пащтыхьым хэщIыныгъэ ефтын?»

[23] Пащтыхь АртIэхъшастэ и жэуапым Архьум, тхакIуэ Щымщей,
абыхэм я акъылэгъухэм къащыхуеджам, ахэр икIэщIыпIэкIэ Ерусэ-
лим кIуэри журтхэм я лэжьыгъэр залымыгъэкIэ ирагъэгъэувыIащ.

### *Тхьэм и Унэр ухуэн зэрыщIадзэжар*

[24] Апхуэдабзэу Тхьэм и Унэм епха лэжьыгъэхэри Ерусэлим
щызэпыуауэ щытат икIи къэжэр пащтыхь Дарий тетыгъуэр зэры-
IэщIыхьэрэ илъэс етIуанэм[a] ихьэху щIадзэжатэкъым.

## ЕТХУАНЭ IЫХЬЭ

5 [1] А лъэхъэнэм Хьэджий бегъымбарымрэ Iиду къытехъукIа
Зэчрей бегъымбарымрэ Ехьудейми Ерусэлими дэс журтхэм
Тхьэм и псалъэр хахьэрт. Абыхэм лъэпкъым игу къагъэкIыжырт
ИсрэIилым Тхьэр къызэрыщхьэщытыр. [2] Абы щыгъуэ ШэлтэIил
и къуэ Зэрубабылрэ Йосадыкъ и къуэ Йушэрэ Тхьэм и Унэр Еру-
сэлим щызэфIагъэувэжыну иужь ихьащ. Тхьэм и бегъымбархэр
абыхэм ящIыгъут икIи а Iуэхур даIыгът.

---

[a] 4:24 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 520 гъэм.

[3] Апхуэдэу щыхъум, АдрыщІым и тет ТІэтІэней, Щэтэрбэзэней,
абыхэм я акъылэгъухэр журтхэм деж кІуэри еупщІащ: «Хэт фэ
хуит фызыщІар мы Унэр къыдэфщІеижыну, абы и блынхэр зэфІэв-
гъэувэжыну? [4] А лэжьыгъэм пэрытхэм сыт я цІэр?» [5] Ауэ, Тхьэм
журт тхьэмадэхэм и нэІэ тригъэтти, ухуэныгъэр зэпагъэуакъым,
Дарий пащтыхьым хъыбар ирагъащІэу абы и жэуапыр тхауэ къэ-
сыжыху.

## ***ТІэтІэнай Дарий хуигъэхьа тхыгъэр***

[6] АдрыщІым и тет ТІэтІэнейрэ Щэтэрбэзэнейрэ, абыхэм я
акъылэгъу щІыналъэ къулыкъущІэхэмрэ пащтыхь Дарий тхыгъэ
хуагъэхьащ. [7] Мыращ абы итар:

«Пащтыхь Дарий, фІэхъус удох!

[8] Пащтыхьым ирырещІэ Тхьэшхуэм и Унэр здэщыІэ Ехьудей
хэкум дызэрыкІуар. Ар журтхэм мывэ ІущІахэм* къыхащІыкІ,
блын дращІеяхэм бгыкъухэр тралъхьэ. Лэжьыгъэр егугъупэурэ
ирагъэкІуэкІ икІи ар абыхэм къохъулІэ.

[9] Я тхьэмадэхэм дащепсалъэм, а Унэр къыдращІеижыну, абы
и блынхэр зэфІагъэувэжыну хуит зыщІамкІэ дыщІэупщІащ.
[10] БжетІэн щхьэкІэ, я унафэщІхэм я цІэри къэтщІащ.

[11] Мыращ жэуапу къыдатар:

„Уафэхэри щІылъэхэри зи ІэмыщІэ илъ Тхьэм дрижыІэщІэщ.
Илъэс куэд ипэ исрэІил пащтыхь иным иухуауэ щыта Унэр
къыдыдощІеиж. [12] Уафэхэр ЗыІэщІэлъ Тхьэр ди адэжьхэм
къагъэгубжьри, ахэр хьэлдийхэм[a] ящыщ бабылей пащтыхь
Нэбыхъунэщыр и ІэмыщІэ ирилъхьауэ щытащ. Аращ мы Унэр
зэхэзыкъутэу лъэпкъыр Бабылей зыхуар, гъэрыпІэм изышауэ
щытар. [13] Ауэ бабылей пащтыхь Къурыш тетыгъуэр щыІэ-
щІыхьа япэ илъэсым унафэ ищІауэ щытащ мы Унэр Тхьэм
хузэфІагъэувэжыну. [14] Уеблэмэ, абы Нэбыхъунэщыр Ерусэлим
дэт Тхьэм и Унэм къыщІихыу бабылей тхьэм и унэм къихьауэ

[a] 5:12 Хьэлдийхэр Бабылей хэкум и ипщэ лъэныкъуэм щыпсэуа лъэпкъщ.

щыта дыщэхэкIхэр, дыжьынхэкIхэр къритыжащ. Ахэр бабылей
пащтыхь Къурыш Ехьудейм и тету игъэува Щыхьбэзэр ири-
тащ, 15 Ерусэлим щыкIуэкIэ здихьыу, Тхьэм и Унэр здэщытам
деж къыщызэфIагъэувэжа нэужь абы щIилъхьэжыну жриIэри.
16 Щыхьбэзэр Ерусэлим кIуащ, Тхьэм и Унэм и лъабжьэри
игъэтIылъащ. Абы щегъэжьауэ нобэр къыздэсым Унэр яухуэ,
ауэ и кIэм нагъэсакъым“.
17 Аращи, пащтыхьым фIэкъабылмэ, Бабылейм и тхылъ
хъумапIэхэм Ерусэлим дэт Тхьэм и Унэр зэрагъэпэщыжыну
пащтыхь Къурыш ищIауэ щыта унафэм и пэжыр къыщрелъы-
хъуэж. ИужькIэ пащтыхьыр мы Iуэхум зэреплъыр къыдрегъа-
щIэ».

## ЕХАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэм и Унэр щIэрыщIэу зэгъэпэщыжыным ехьэлIауэ Къурышрэ Дарийрэ ящIа унафэхэр*

6 1 Пащтыхь Дарий и унафэкIэ бабылей хъугъуэфIыгъуэщым
хэт тхылъ хъумапIэхэр къыщIапщытыкIыу щIадзащ. 2 ИкIэм-
икIэжым, Мыд хэгъэгум и къалащхьэ Хьэмэдан зы тхылъ къыща-
гъуэтащ, мыпхуэдэу иту:

«Тщымыгъупщэн папщIэ:
3 Пащтыхь Къурыш тетыгъуэр щыIэщIыхьа япэ илъэсым
Ерусэлим дэт Тхьэм и Унэм ехьэлIауэ унафэ къыдигъэкIат:
Къурмэн щащIыфын хуэдэу, Тхьэм и Унэр къыдрыращIеиж.
Лъабжьэр ирагъэтIылъи, Унэм и лъагагъыр IэфракIэ хыщI[a],
и бгъуагъри IэфракIэ хыщI хъууэ, 4 и блынхэм сатырищыр
мывэшхуэ теIущIыкIакIэ*, еплIанэр пхъэкIэ дрыращIей. А псом
текIуэдэну мылъкур пащтыхьым и хъугъуэфIыгъуэщым къы-
хэкIынущ. 5 КъищынэмыщIауэ, Нэбыхъунэщыр Ерусэлим дэт

[a] 6:3 Метр щэщI хуэдиз мэхъу.

Тхьэм и Унэм къыщIихыу Бабылей ишауэ щыта дыщэхэкIхэмрэ дыжьынхэкIхэмрэ Ерусэлим ирашэжи Тхьэм и Унэм здыщIэлъам деж щIралъхьэж».

6 Абы ипкъ иткIэ, паштыхь Дарий мыпхуэдэ унафэ ищIащ:

«АдрыщIым и тет ТIэтIэней, Щэтэрбэзэней, абыхэм я акъылэгъу щIыналъэ къулыкъущIэхэ, Ерусэлим пэIэщIэ зыхуэфщI.
7 Тхьэм и Унэм иращIэкI ухуэныгъэм фыхэмыIэбэ. Ехьудей тетымрэ журт тхьэмадэхэмрэ Тхьэм и Унэр здэщытам и деж щызэрырагъэпэщыж.

8 Ар къэгъэнауэ, лэжьыгъэхэр зэпымыун щхьэкIэ, Унэр зыухуэ журтхэм я тхьэмадэхэм сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн фахуэхъуну унафэ фхузощI: ахэр зыхуэныкъуэ мылъкур паштыхь хъарзынэщым* щIалъхьэну АдрыщIым къыщыхах хьэкъулэм щыщ къыхэгъэкIын хуейщ.
9 Ерусэлим дэс тхьэпщхэм Уафэхэр ЗыIэщIэлъ Тхьэм тыхь гъэсын хуащIыну зыхуэныкъуэ псори, ар гуу, мэл е щынэ ирехъу, жаIэм хуэдиз фIэкIыпIэ имыIэу ефтын хуейщ. Ахэри тхьэпщхэр зыхуэныкъуэну гуэдзри, шыгъури, санэри, дагъэри махуэ къэс игъуэу яIэрыгъэхьэн хуейщ,
10 Уафэхэр ЗыIэщIэлъ Тхьэм къурмэн хуащIу паштыхьымрэ абы и бынхэмрэ щхьэкIэ Тхьэм елъэIуфын хуэдэу.

11 Мыри дыщIызогъуж: си унафэм ебакъуэр и унэм бжэгъу къыхрахи абы фIрагъэгъэтIысхьэ, и унэр хьэбэсабэу иракъутэ.
12 Мы унафэр зыхъуэжыну е Тхьэм и Унэр зыгъэкIуэдыну иужь ихьэ дэтхэнэ зы паштыхьми, лъэпкъми а Унэр зи цIэм хэщIапIэ хуэзыщIа Тхьэм кIэ къыхурырегъакIуэ.

Аращ сэ, паштыхь Дарий, си унафэр. Ирехъу си псалъэхэр фIэкIыпIэ имыIэу зэщIа!»

### *Тхьэм и Унэр къызэрагъэпэщыжу зэраумэхъар*

13 АдрыщIым и тет ТIэтIэнеи, Щэтэрбэзэнеи, абыхэм я акъылэгъухэми паштыхь Дарий и унафэр егугъупэу ягъэзэщIащ.

[14] Хьэджий бегъымбарымрэ Іиду къытехъукІа Зэчрей бегъымба-
рымрэ ягъэгушхуэ журт тхьэмадэхэм ухуэныгъэхэм хъарзынэу
хагъэщІырт. ИсрэІилым и Тхьэм и Іэмыркlэ, къэжэр пащтыхьхэу
Къурыш, Дарий, АртІэхъшастэ сымэ я унафэкІэ, абыхэм Тхьэм
и Унэм епха ухуэныгъэхэр и кІэм нагъэсащ. [15] Пащтыхь Дарий
тетыгъуэр зэрыІэщІыхьэрэ илъэс еханэр екІуэкІыу[a], Адар мазэм
и ещанэ махуэм лэжьыгъэхэр зэфІэкІащ.

[16] ЗэрыисрэІил лъэпкъыу – тхьэпщхэми, лэбийхэми, адрей
гъэрыпІэ къикІыжахэми – гуфІэгъуэшхуэм хэту Тхьэм и Унэр
яумэхъащ. [17] Абы щхьэкІэ журтхэм гуууищэ, мэл щитІ, щынэ щиплІ
къурмэн ящІащ. Абы къыдэкІуэуи ИсрэІил псом щхьэкІэ къабзэ-
щІыж къурмэну ажэ пщыкІутІ, лІакъуэ къэс зы хуэзэу, къахьащ.
[18] Абы иужькІэ журтхэм, Мусэ итхыжа Хабзэм тету, Ерусэлим
дэт Тхьэм и Унэм тхьэпщ хьэкъыр щезыхьэкІыну тхьэпщхэмрэ лэ-
бийхэмрэ гуп-гупурэ къыхахри, дэтхэнэми и къалэныр яубзыхуащ.

## *ИсрэІилхэм ІутІыжыр зэрагъэлъэпІар*

[19] Езанэ мазэм и епщыкІуплІанэ махуэм гъэрыпІэм къикІы-
жахэм ІутІыжыр[b] ягъэлъэпІащ. [20] Абы ипэ къихуэу тхьэпщхэм-
рэ лэбийхэмрэ загъэкъэбзэжат, псори хабзэм къызэригъэувым
хуэдэу къабзэт. ГъэрыпІэм къикІыжа псом щхьэкІи, я тхьэпщ
унэкъуэщхэм папщІи, езыхэм я щхьэми техуэу лэбийхэм ІутІыж
щынэхэр къурмэн ящІащ. [21] Абы иужькІэ гъэрыпІэм къикІыжа
исрэІилхэми, ТХЬЭМ, ИсрэІилым и Тхьэм, щхьэщэ хуащІын
щхьэкІэ ахэр къэзыухъуреихь лъэпкъхэм я хабзэ гущыкІыгъуэхэм
пэІэщІэ захуэзыщІахэми къурмэныльр яшхащ. [22] ГуфІэгъуэшхуэм
хэту абыхэм ЩІакхъуэ мыкІумыпщым* и махуэщІыр[c] махуиблкІэ
ягъэлъэпІащ. ИсрэІилым и Тхьэм и Унэр зэфІэгъэувэжынымкІэ

---

[a] 6:15 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 515 гъэм.

[b] 6:19 Тхьэм исрэІилхэр Мысырым къызэрыришыжам и фэеплъу илъэс къэс абы-
хэм ягъэгъэлъэпІэн хуей махуэщІым аращ зэреджэр. Еплъ МысырикІыж 12.

[c] 6:22 Мыр ІутІыжым занщІэу къыкІэлъыкІуэ махуэшхуэщ. Ар махуиблкІэ
ягъэлъапІэрт икІи а зэманым къриубыдэу исрэІилхэм щІакхъуэ мыкІумыпщ
(пщагъи щІакхъуэгъэтэджи зыхэмылъ) фІэкІа яшхыртэкъым.

ТХЬЭМ ащурей пащтыхьыр[a] дэӀэпыкъуэгъу къазэрыхуищӀам журтхэм гукъыдэжышхуэ къаритырт.

## ЕБЛАНЭ ӀЫХЬЭ

### *Гъузер-тхьэпщым Ерусэлим къызэригъэзэжар*

7 [1] А къэхъукъащӀэхэм яужькӀэ куэд дэкӀыжауэ, къэжэр пащ-
тыхь АртӀэхъшастэ и тепщэгъуэу, Гъузер и цӀэу лӀы гуэр Бабы-
лей щыпсэурт. Гъузер Сэрей и къуэт, Сэрей Азэрей и къуэт, Азэрей
Хьэлкъей и къуэт, [2] Хьэлкъей Щалум и къуэт, Щалум Садыкъ
и къуэт, Садыкъ Ахътуб и къуэт, [3] Ахътуб Хьэмэрей и къуэт,
Хьэмэрей Азэрей и къуэт, Азэрей Мэрэут и къуэт, [4] Мэрыут
Зэрахъей и къуэт, Зэрахъей Ӏузей и къуэт, Ӏузей Быкъуий и къуэт,
[5] Быкъуий Абэшыуэ и къуэт, Абэшыуэ Панхэс и къуэт, Панхэс
Елизар и къуэт, Елизар зи къуэр тхьэпщ пашэ Хьэрунт. [6] Гъузер
Бабылей къикӀри Ерусэлим къэкӀуащ. Ар ТХЬЭМ, ИсрэӀилым
и Тхьэм, къыбгъэдэкӀ Мусэ итхыжа Хабзэм фӀыуэ хэзыщӀыкӀ
дингъуазэт. ТХЬЭМ, и Тхьэм, и нэӀэ тету, ар зыщӀэлъэӀуа псо-
ри пащтыхьым къритащ. [7] Абы щыгъуэ, пащтыхь АртӀэхъшастэ
тетыгъуэр зэрыӀэщӀыхьэрэ илъэс ебланэр екӀуэкӀыу,[b] языныкъуэ
исрэӀилхэри Гъузер и гъусэу Ерусэлим кӀуащ. Абыхэм яхэтащ
тхьэпщхэри, лэбийхэри, уэрэджыӀакӀуэхэри, бжэӀутхэри, лэбийхэм
пщылӀу иратахэри.

[8] Ахэр Ерусэлим щыкӀуар пащтыхьым и тетыгъуэм и ебланэ
илъэсым и етхуанэ мазэрщ. [9-10] Псэемыблэжу ТХЬЭМ и Хабзэр
зэриджым икӀи зэригъэзащӀэм, абы ит унафэхэр, ущиехэр исрэӀил-
хэм зэраригъащӀэм щхьэкӀэ Гъузер Тхьэм и нэфӀыр къыщыхуащ:
ар япэ мазэм и япэ махуэм Бабылей икӀати, етхуанэ мазэм и япэ
махуэм Ерусэлим нэсыфащ.

---

a 6:22 Зи гугъу ищӀыр къэжэр пащтыхьырщ. Абы ащурей пащтыхькӀэ щӀеджэр ар япэу исрэӀилхэр гъэрыпӀэм изыша ащурей пащтыхьым иӀыгъа щӀыналъэхэми щытепщэу зэрыщытарщ.

b 7:7 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 458 гъэм.

## *Пащтыхьым Гъузер лIыкIуэ зэрищIар*

[11] ИсрэIилым ТХЬЭМ хуигъэува унафэхэм, ущиехэм лъэпкъыр хэзыгъэгъуазэ тхьэпщ Гъузер пащтыхь АртIэхъшастэ кърита уэ щыта тхьэмпэтхылъым итар мыращ:

[12] «Пащтыхьхэм я пащтыхьыж АртIэхъшастэ къыбгъэдэкIыу
Уафэхэр ЗыIэщIэлъ Тхьэм и Хабзэм хэзыгъэгъуазэ Гъузер-
тхьэпщым фIэхъус изох![a]

[13] Мыращ си унафэр: си пащтыхьыгъуэм щыпсэу исрэIил-
хэм ящыщу Ерусэлим кIуэну хуей дэтхэнэри хуит сощI.
Абыхэм яхэтщ тхьэпщхэри лэбийхэри. [14] Тхьэм и Хабзэ уи
IэмыщIэ илъыр зэрагъэзащIэр къэпхутэн щхьэкIэ си чэн-
джэщэгъуиблымрэ сэрэ Ехьудеймрэ Ерусэлимрэ удогъакIуэ.
[15] Зи псэупIэр Ерусэлим дэт ИсрэIилым и Тхьэм папщIэ си
чэнджэщэгъухэмрэ сэрэ тын тщIа дыжьынымрэ дыщэмрэ
къыздэфщтэ.

[16] Абы къищынэмыщIауэ, зэры-Бабылейуэ щыпхузэхуэхьэ-
сыну дыжьынымрэ дыщэмрэ здэфшэ, исрэIилхэмрэ тхьэпщ-
хэмрэ я Тхьэм и Унэу Ерусэлим дэтым щхьэкIэ ящIыну тын-
хэри къыздэфщтэ. [17] АбыкIэ гуухэр, мэлхэр, щынэхэр, абыхэм
ящIыгъун хуей гъавэ тыхьхэмрэ санэмрэ щхьэкIэ зыхуеинухэр
занщIэу къэфщэхуи, фи Тхьэм и Унэу Ерусэлим дэтым и къур-
мэнщIыпIэм деж къурмэн щыфщI. [18] Къыдэхуэ дыжьынымрэ
дыщэмрэ, Тхьэм фIэфI зэрыхъунум хуэдэу, уэрэ уи тхьэпщэгъу-
хэмрэ фызэрыхуейуэ къэвгъэсэбэп хъунущ.

[19] Ерусэлим дэт уи Тхьэм и Унэм щызэрахьэну дзыхь къы-
пхуащIа хьэкъущыкъури Тхьэм деж нэхьэс. [20] Уи Тхьэм и Унэм
ехьэлIауэ иджыри узыхуей щыIэ хъумэ, пащтыхь хъарзынэ-
щым* къыхэпх хъунущ.

[21] Сэ сыпащтыхь АртIэхъшастэщ, АдрыщIым я хъугъуэ-
фIыгъуэщхэм я тетхэм унафэу фхуэсщIри мыращ: Уафэхэр

---

[a] **7:12** Пасэрей арэмеибзэкIэ тха едзыгъуэм и кIэухыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым. 7:12-26 едзыгъуэхэр зэрытхар арэмеибзэщ.

ЗыIэщIэлъ Тхьэм и Хабзэм хэзыгъэгъуазэ Гъузер-тхьэпщыр
сыткIэ къывэмылъэIуми, занщIэу Iэрывгъэхьэу – 22 дыжьыну
тIэлатищэ[a] хъун, гуэдзу курищэ[b] хуэдиз, санэщIэуи зейтун*
дагъэуи батIищэм[c] нэс, шыгъур бжыгъэншэу. 23 Тхьэм и гу-
бжьыр пащтыхьыгъуэми, пащтыхьымрэ абы и къуэхэмри
къалъэмыIэсын щхьэкIэ, Уафэхэр ЗыIэщIэлъ Тхьэм сыт хуэ-
дэ унафэ имыщIми, и Унэм щхьэкIэ сыт ищIысри егугъупэу
ирагъэзащIэ. 24 Тхьэпщхэми, лэбийхэми, уэрэджыIакIуэхэми,
бжэIутхэми, лэбийхэм пщылIу иратахэми, нэгъуэщI лэжьыгъэ
Тхьэм и Унэм щызыгъэзащIэхэми къуэдыи* хьэкъули евгъэ-
тыну фызэрыхуимытыр зэвгъащIэ.

25 Уэ, Гъузер, Тхьэм къыпхилъхьа Iущыгъэм утету,
АдрыщIым щыпсэу цIыхубэм я Iуэхухэр захуэу зэхагъэ-
кIын папщIэ, хьэкумыщIэхэмрэ хеящIэхэмрэ гъэув. Абыхэм
фи лъэпкъым щыщу Тхьэм и хабзэхэр зыщIэхэм я хьэкумыр
ящIэнущ. Хабзэхэр зымыщIэхэм егъащIэ. 26 Уи Тхьэм и Ха-
бзэм темыт дэтхэнэ зыми, пащтыхьым и унафэм ебакъуэхэми
Iэмал имыIэу тезыр тралъхьэнущ: е яукIынущ, е хэкум ира-
хунущ, е и мылъкур къытрахынущ, е лъэхъуэщым ирадзэ-
нущ».

## *Гъузер Тхьэр зэригъэлъэпIар*

27 ФIыщIэр зейр Ерусэлим дэт ТХЬЭМ и Унэр иIэтыну пащты-
хьым и гум изылъхьа ТХЬЭРЩ, ди адэжьхэм я Тхьэрщ. 28 Абы
къысхуиIэ лъагъуныгъэ мыкIуэщIыр пащтыхьми, абы и чэнджэ-
щэгъухэми, лъэкIыныгъэ зиIэ лIакъуэлIэшхэми* я пащхьэм къы-
щигъэлъэгъуащ. ТХЬЭМ, си Тхьэм, и нэфI къызэрысщыхуам
и фIыгъэкIэ, сытегушхуэри исрэIилхэм я пашэхэр зэхуэсшэсри
гъусэ сщIащ.

---

[a] **7:22** Килограмм минищрэ щиплIрэ хуэдиз мэхъу.

[b] **7:22** Килограмм минипщI хуэдиз мэхъу.

[c] **7:22** Литр минитIрэ щитI хуэдиз мэхъу.

## ЕЯНЭ ІЫХЬЭ

### *Гъузер и гъусэу Ехьудейм къэкІуэжа тхьэмадэхэр*

**8** [1] АртІэхъшастэ и тетыгъуэм си гъусэу Бабылей къикІыжа нэхъыжьхэми, ахэр къызытехъукІахэми я цІэр къыщыхьа тхылъым итыр мыращ:

[2] Панхэс къытехъукІахэм ящыщу Джэршэм;
Итэмар къытехъукІахэм ящыщу Данил;
Даут къытехъукІахэм ящыщу Хьэтуш, [3] Щэчэней и къуэр;
ПэрІуш къытехъукІахэм ящыщу Зэчрей, и унэкъуэщ
цІыхухъуу щэрэ тхущІ и гъусэу;
[4] Пэхьэтмэуаб къытехъукІахэм ящыщу Зэрахъей и къуэ
Елъыхъуэней, цІыхухъу щитІ и гъусэу;
[5] ЗэтІу къытехъукІахэм ящыщу Йахьэзрэ Іил и къуэ
Щэчэней, цІыхухъу щищ и гъусэу;
[6] Адин къытехъукІахэм ящыщу Йонэтан и къуэ Абэд,
цІыхухъу тхущІ и гъусэу;
[7] Елэм къытехъукІахэм ящыщу Атэлей и къуэ Ещей,
цІыхухъу блыщІ и гъусэу;
[8] Щэфатей къытехъукІахэм ящыщу МэчрэІил и къуэ
Зэбэдей, цІыхухъу ищІ и гъусэу;
[9] Йоуаб къытехъукІахэм ящыщу Йэхьил и къуэ Іэбэдей,
цІыхухъу щитІрэ пщыкІуий и гъусэу;
[10] Бэний къытехъукІахэм ящыщу Исуфей и къуэ Щэлумыт,
цІыхухъуищэрэ хыщІ и гъусэу;
[11] Бэбей къытехъукІахэм ящыщу Бэбей и къуэ Зэчрей,
цІыхухъу тІощІрэ и гъусэу;
[12] Азгъэд къытехъукІахэм ящыщу ХьэкІэтэн и къуэ Йохьэнан, цІыхухъуищэрэ пщІы и гъусэу;
[13] АдунейкІэм къытехъукІахэм ящыщу иужьу къэкІуэжа[a]
Елфэлэт, ЙэрэІил, Шэмей, абыхэм цІыхухъу хыщІ я гъусэу;

[a] **8:13** Журт. «иужьрейхэу».

[14] Быгуей къытехъукIахэм ящыщу IутIейрэ ЗэкIуррэ,
цIыхухъу блыщI я гъусэу.

### *Гъузер лэбийхэмрэ абыхэм пщылIу иратахэмрэ къагъэзэжыну къызэрыхуриджар*

[15] Ахэр ежьэн ипэ Бабылейм щыщ АхьэуэкIэ зэджэ щIыпIэм
щежэх псым деж щызэхуэсшэсри, махуищ абдеж щитхащ. ЦIыху-
бэмрэ тхьэпщхэмрэ сащыхэплъэм, зы лэбий яхэслъэгъуакъым.
[16] Арати, нэхъыжьхэу Елизар, АрэIил, Шэмей, Елнэтан, Йарыб,
иджыри нэгъуэщI Елнэтан, Нэтан, Зэчрей, Мэшуламэ сымэ, еджа-
гъэшхуэхэу ЙоIэрыбрэ Елнэтанрэ сыкъеджэри, [17] Чэсыфей къалэм
и тет Iиду деж згъэкIуащ. Абыхэм унафэ яхуэсщIащ Iидуи, абы
и Iыхьлы лэбийхэми, абыхэм пщылIу иратахэми я деж кIуэуэ ди
Тхьэм и Унэм тхьэпщ хьэкъыр щезыхьэкIхэм ядэIэпыкъун цIыху
къытхуагъэкIуэну епсэлъэну.
[18] Апхуэдэу, ди Тхьэм и нэIэ къыттету, абыхэм щIэныгъэ зы-
бгъэдэлъ Шэрэбей къытхуашащ. (Шэрэбей Махълий и щIэблэм
щыщт. Махълий езыр ИсрэIил и къуэ Лэбий и къуэт.) Абы и къуэ-
хэри и къуэшхэри щIыгъут, псори зэхэту цIыхухъу пщыкIуий хъурт.
[19] КъищынэмыщIауэ, Шэрэбей Хьэшэбей, и къуэшхэмрэ абыхэм
я къуэхэмрэ щIыгъуу, къыздишащ. Хьэшэбей Мэрарий и щIэблэм
щыщ Ещей и гъусэт. Псори зэхэту цIыхухъу тIощI хъурт. [20] Абыхэм
иджыри лэбийхэм пщылIу иратахэу щитIрэ тIощI къыздашащ. Ахэр
Даутрэ къулыкъущIэхэмрэ лэбийхэм ядэIэпыкъуну пщылIу иратауэ
щытахэм я щIэблэт. Абыхэм псоми я цIэр ятхауэ щытащ.

### *Гъузеррэ и гъусэхэмрэ Ехьудейм къагъэзэжыну зэрызагъэхьэзырар*

[21] А щIыпIэм, Ахьэуэ псыежэхым деж, ди Тхьэм и пащхьэ зы-
щыдгъэIэсэну, ди бынхэмрэ дэрэ къытпэщылъ гъуэгуанэр шына-
гъуэншэу етхьэкIын, ди мылъкур хъума хъун папщIэ дылъэIуэну
нэщI дызэрихьэр псоми яжесIащ. [22] Гъуэгу дытетыху бийм дыщы-
зыхъумэн зауэлIхэмрэ шухэмрэ къыдитыну пащтыхьым селъэIу-
ну къезгъэкIуакъым, «ди Тхьэм и нэфI щохуэ Ар къэзылъыхъуэ

дэтхэнэ зыми, апхуэдэ дыдэуи, Ар ІэщІыб зыщІ дэтхэнэми и нейр
къылъос» жетІауэ зэрыщытам щхьэкІэ. [23] Арати, нэщІ дихьэри ди
Тхьэм абыкІэ делъэІуащ икІи ар ди лъэІум пэджэжащ.

[24] Абдеж тхьэпщ пажэхэм щыщу цІыху пщыкІутІрэ Шэрэбейрэ
Хьэшэбейрэ, я унэкъуэщ лэбийуэ нэрыбгипщІ ящІыгъуу, къахэс-
шащ. [25] Абы иужькІэ ди Тхьэм и Унэм папщІэ пащтыхьым, абы и
чэнджэщакІуэхэм, къулыкъущІэхэм, Бабылейм щыІэ исрэІилхэм
тыну къата дыжьынри, дыщэри, хьэпшыпу къыхэкІари къэсшэч-
ри естащ. [26] Сэ абыхэм шэчауэ дыжьыну тІэлат щихрэ тхущІ[a],
дыжьынхэкІыу тІэлатищэ[b], дыщэу тІэлатищэ, [27] дарыкъ[c] мин я
уасэу дыщэ фалъэу тІощІ, дыщэм палъыт гъуаплъэ зэщІэцІууэм
къыхэщІыкІа кхъуэщынитІ естащ.

[28] «Фэри, мы хьэпшыпхэм хуэдэу, ТХЬЭМ фытеІуащ, – яжес-
Іащ сэ абыхэм. – Мы дыжьынымрэ дыщэмрэ ТХЬЭМ, фи адэжь-
хэм я Тхьэм, ягурэ я псэм къабгъэдэкІыу хуащІа тынщ. [29] Мы псор
тхьэпщ пажэхэм, лэбийхэм, исрэІил тхьэмадэхэм ялъагъуу къашэчу
Ерусэлим дэт ТХЬЭМ и Унэм и хъугъуэфІыгъуэщым яхьыжыху,
фыхуэсакъыу фхъумэ». [30] Абы иужькІэ Ерусэлим дэт ди Тхьэм и
Унэм яхьыну дыжьынри, дыщэри, хьэпшып лъапІэхэри тхьэпщхэм-
рэ лэбийхэмрэ къащтащ.

## *Гъузеррэ и гъусэхэмрэ Ерусэлим къызэрысыжар*

[31] Ерусэлим дынэсын хуэдэу, япэ мазэм и епщыкІутІанэ махуэм
Ахьэуэ псыежэхым дыкъыщежьэри гъуэгу дытеуващ. Гъуэгуанэр
зэпытчыху, бийхэми хъунщІакІуэхэми дащихъумэу Тхьэм и нэІэ
къыттетащ. [32] Ерусэлим дыкъэса нэужь, махуищ зыщыдгъэ-
псэхуащ.

[33] ЕплІанэ махуэм ди Тхьэм и Унэм дыжьынри, дыщэри, хьэп-
шып лъапІэхэри къыщытшэчри Іурей и къуэ МэрэмытІ-тхьэпщым
ІэщІэтлъхьащ. Абы и гъусащ Панхэс и къуэ Елизар, лэбийхэу

---

[a] 8:26 Килограмм мин тІощІрэ тІу хуэдиз мэхъу.

[b] 8:26 Килограмм минищрэ щиплІ хуэдиз мэхъу.

[c] 8:27 Къэжэр дыщэ жыгъей граммийрэ пщІэнищ хъуууэ.

Йушэ и къуэ Йозэуадрэ Бинуй и къуэ НуӀэдейрэ. [34] Псори зы-
рызыххэу къалъыта икӀи къашэча нэужь, зэхэту зэрыхъур ятхащ.
[35] Абы иужькӀэ гъэрыпӀэм къикӀыжахэм ИсрэӀилым и Тхьэм
тыхь гъэсынхэр хуащӀащ: ИсрэӀил псом щхьэкӀэ гууэ пщы-
кӀутӀ, тӀыуэ бгъущӀрэ хы, щынэхъуу блыщӀрэ блы, къабзэщӀыж
къурмэну ажэ пщыкӀутӀ. Ахэр псори ТХЬЭМ хуагъэсащ.
[36] Пащтыхьым и унафэхэр хэгъэгу пашэхэми АдрыщӀым и тет-
хэми лъагъэӀэсри, абыхэм лъэпкъми Тхьэм и Унэми иужькӀи
зыщӀагъэкъуащ.

## ЕБГЪУАНЭ ӀЫХЬЭ

### *Журтхэр хамэ лъэпкъхэм зэрыхэшыпсыхьым Гъузер зэригъэгузэсар*

9 [1] А псор зэфӀэкӀа нэужь, исрэӀил пашэхэр си деж къакӀуэри
къызжаӀащ: «ИсрэӀил жылэми, тхьэпщхэми, лэбийхэми хамэ
лъэпкъхэм пэӀэщӀэ зыхуащӀакъым. Зи гугъу тщӀыр хьэнэнейхэм,
хьетхэм, пэризейхэм, еусейхэм, амонейхэм, мэуабейхэм, мысырхэм,
амэрейхэм зрахьэу щыта хабзэ гущыкӀыгъуэхэмкӀэ псэу лъэпкъ-
хэрщ. [2] Абыхэм япхъухэр езыхэми я къуэхэми къашэурэ, Тхьэм
и лъэпкъыр хамэ лъэпкъхэм хэшыпсыхьа хъуащ. А епцӀыжыныгъэ
бзаджэм и щапхъэ япэу къэзыгъэлъэгъуар пашэхэмрэ унафэщӀ-
хэмрэщ».
[3] Ар щызэхэсхым, си щыгъыныр зэхэсчатхъэри си щхьэцымрэ
жьакӀэмрэ къисфыщӀыкӀыу сыхуежьащ, сыгузасэу сетӀысэхащ.
[4] ГъэрыпӀэм нэхъапэ къикӀыжахэм къакӀэлъыкъуэкӀа епцӀыжыны-
гъэ бзаджэм къызэщӀигъэплъауэ, ИсрэӀилым и Тхьэм и псалъэхэм
фӀэлӀыкӀхэр си деж къыщызэхуэсащ. Сэ пщыхьэщхьэ къурмэн
щӀыгъуэ пщӀондэ сыгузасэу сыщысащ.
[5] Пщыхьэщхьэ щӀыгъуэм щынэсым, щыгъын зэхэчатхъар сщы-
гъыу си щхьэ мыгъуагъэ хуэсхьыжу сыздэщысым сыкъэтэджщ,
лъэгуажьэмыщхьэ зизгъэуэри ТХЬЭМ, си Тхьэм, Ӏэ шиякӀэ [6] се-
лъэӀуу щӀэздзащ:

«Уэ си Тхьэ, укIытэм сехь, си напэр мэсри, си нэгур уи деж
нэзгъэзэфыркъым. Ди гуэныхьхэм дыщIагъэнащ, ди къуан-
шагъэр уэгум нос. 7 Ди адэжьхэм я лъэхъэнэм щегъэжьауэ
нобэр къыздэсым къуаншагъэшхуэ дбгъэдэлъу дыкъокIуэкI.
Ди гуэныхьхэращ иджыри къыздэсым дэри, ди пащтыхьхэри,
ди тхьэпщхэри хамэщI пащтыхьхэм я джатэм дыщIытекIуадэр,
гъэр дыщIащIыр, дыщIахъунщIэр, дыщIагъэикIэр.
8 Ауэ нобэ, пIалъэ кIэщIкIэ, ТХЬЭМ, ди Тхьэм, гущIэгъу
къытхуищIащ. Языныкъуэхэр псэууэ дыкъигъэнари, и хэщIа-
пIэ лъапIэр здэщыIэм дыщыпсэуну хуит дищIащ. Абы гугъа-
пIэ къыдитри, ди пщылIыгъэр къыддигъэпсынщIащ. 9 Пэжщ,
дэ дыпщылIщ, апхуэдэу щыт пэтми, ди Тхьэм дибгынакъым.
Аращ зи фIыщIэр къэжэр пащтыхьхэм гущIэгъу къызэры-
тхуащIар. Ди Тхьэм и Унэр дэтщIеижын, зэхэкъутауэ щылъыр
зэфIэдгъэувэжын щхьэкIэ, Абы гъащIэщIэ тыгъэ къытхуи-
щIащ, шынагъуэм щихъумэу Ехьудейри Ерусэлимри сэрейкIэ
къихухьащ.
10 Ауэ сыт дэ, ди Тхьэ, абы иужькIэ бжетIэфынур? Уи уна-
фэхэр хъатэ пэмыхьэ тщIащ. 11 Уи жыIэщIэ бегъымбархэмкIэ
къэпIуэхуат Уэ: „ЗыIэщIэфлъхьэну фызэрыхьэ щIыгур абы ис
лъэпкъхэм я бзаджэнаджагъэмкIэ яуцIэпIащ. Зэрахьэ хабзэ
гущыкIыгъуэхэм дэнэ лъэныкъуэкIи зыщрагъэубгъуащ. 12 Абы
къыхэкIыу, фипхъухэр абыхэм я къуэхэм евмыт, япхъухэри фи
къуэхэм къевмыгъашэ. Фи лъэщагъым хэхъуэу, щIым къытекI
гъавэр фи ерыскъыуэ, езы щIыри фи щIэблэм щIэину игъащIэ-
кIэ къахуэвгъэнэфын щхьэкIэ, а хамэ лъэпкъхэм мамырыгъэрэ
ехъулIэныгъэрэ къахуэзыхьын Iэмал зэи къэвмылъыхъуэ“.
13 Ди Тхьэ, дэ гуэныхьу ттелъымрэ къуаншагъэу дбгъэ-
дэлъымрэ елъытауэ, Уэ къыттеплъхьэ тезырыр щабэIуэщ. Уэ
языныкъуэхэр псэууэ дыкъэбгъэнащ.
14 АтIэ, а псом ищIыIужкIэ, уи унафэхэр IэщIыб тщIыуэ хабзэ
гущыкIыгъуэхэр зезыхьэ хамэ лъэпкъхэр благъэ тщIыну ара?
Абы щыгъуэм уи губжьыр къыттехуэу зы цIыху псэууэ къыу-
мыгъанэу дыбгъэкIуэдынукъэ?

15 ТХЬЭ, ИсрэIилым и Тхьэ, уэ пэжым урителъхьэщ! Дауэ
щымытми, дэ псэууэ дыкъэбгъэнащ. Гуэныхьу ткъуэлъымкIэ
уи пащхьэ дитыну дыхуимытми, къуаншагъэ зэрыдбгъэдэлъыр
тщIэжу уи пащхьэ дитщ».

## ЕПЩIАНЭ IЫХЬЭ

### *Лъэпкъым тобэ къызэрихьыжар*

10 1 Тхьэм и Унэм и пащхьэм зыщридзыхауэ Гъузер тхьэ
елъэIуу, тобэ къихьыжу, и щхьэр щIым нэсыху игъэщхъыу,
гъыуэ щытыху, исрэIилхэр гупышхуэу къызэхуэсащ, цIыхухъуи,
цIыхубзи, сабии яхэту. Ахэри зэщыджэу гъырт. 2 ИтIанэ Елэм и щIэ-
блэм щыщ Йэхьил и къуэ Щэчэней Гъузер зыхуигъазэри жиIащ:
«Дыкъэзыухъуреихь лъэпкъхэм я цIыхубзхэр щхьэгъусэ тщIыри
ди Тхьэм депцIыжащ. Ауэ ИсрэIил и гугъапIэр иджыри фIэкIуэда-
къым. 3 Аращи, а цIыхубзхэр, я сабийхэри ящIыгъужу, зэрызыхэ-
дгъэкIынумкIэ ди Тхьэм Iуагъэ едвгъэщIылIэ. А жэрдэмыр* уэрэ,
си зиусхьэн, Тхьэм и унафэхэм фIэлIыкIхэмрэ къабгъэдэкIын хуейщ.
Псори Хабзэм тету щрырет. 4 Къэтэдж, Гъузер, уэращ мы Iуэхур
зэфIэзыхын хуейр. Тегушхуи, Iуэхум еувалIэ, дэ ар бдэтIыгъынущ».
5 Гъузер зыкъиIэтыжри а жыхуаIар зэрагъэзэщIэнумкIэ тхьэпщ
пажэхэми, лэбийхэми, зэры-ИсрэIилуи тхьэлъанэ яригъэщIащ.
Псоми тхьэ яIуащ. 6 Гъузер Тхьэм и Унэм икIри Елэшыб и къуэ
Йохьэнан и псэупIэм кIуащ. ГъэрыпIэм къикIыжахэм я епцIыжы-
ныгъэ бзаджэм иринэщхъейуэ ар абы щыIэху, дзэкъэгъуэ зыIуилъ-
хьакъым, псыи ефакъым.
7 ГъэрыпIэм къикIыжауэ Ехьудейми, Ерусэлими щыпсэухэр
Ерусэлим щызэхуэсын хуейуэ хъыбар ягъэIуащ. 8 Лъэпкъ пашэ-
хэмрэ тхьэмадэхэмрэ я унафэкIэ, махуищым и кIуэцIкIэ зэхуэсым
къримыхьэлIэхэм я мылъкур зэрыщыту къытрахыну икIи зыхахуну
траухуащ.
9 Махуищым и кIуэцIым Ехьудрэ Бенаминрэ я лIакъуэхэм щыщ
цIыхухъухэр псори Ерусэлим къыщызэхуэсащ. Егъуанэ мазэм

и етIощIанэ махуэм[a] ахэр, къызыхыхьа Iуэхуми къеш х уэшхы-
шхуэми игъэкIэзызу, Тхьэм и Унэм и гупэм деж щыст. 10 Гъузер-
тхьэпщыр къэтэджри жиIащ: «ЩIэпхъаджагъэ влэжьащ: ИсрэIи-
лым и къуаншагъэр вгъэбагъуэу, хамэ лъэпкъхэм я цIыхубзхэр
щхьэгъусэ фщIащ. 11 Аращи, ТХЬЭМ, фи адэжьхэм я Тхьэм,
и пащхьэ зыщывумысыжи и Iэмырыр вгъэзащIэ. Фыкъэзыухъу-
реихь лъэпкъхэми, щхьэгъусэ фщIа абыхэм я цIыхубзхэми пэIэщIэ
захуэфщI».
12 «Узахуэщ! Зэрыжып Iам хуэдэу тщIынщ, – зэрыгъэкIийуэ
жэуап къатащ къызэхуэсахэм. – 13 Ауэ мыбдеж цIыху куэд щызэ-
хэтщ икIи уэлбанэрилэ лъэхъэнэщи, щIыбым дыдэтыфынукъым.
Гуэныхьышхуэ дбгъэдэлъщи, мыр зы махуэ-махуитIкIэ зэфIэкIы-
ну Iуэхукъым. 14 Ди унафэр жылагъуэм къыбгъэдэкI ди пашэхэм
ирыращI. Хамэ лъэпкъхэм я цIыхубзхэр щхьэгъусэ зыщIахэр я
къалэхэм щыщ пашэхэмрэ хеящIэхэмрэ ящIыгъуу пIалъэ пыухыкIам
мыбы кърекIуалIи, я хьэкумыр мыбдежым щращIэ. Абы щыгъуэщ
ди Тхьэм и губжьыр щытщхьэщыкIынур».
15 Ауэ Асэхьил и къуэ Йонэтанрэ Тыкъуэ и къуэ Йахьзийрэ
абыкIэ арэзы хъуакъым. Абыхэм я лъэныкъуэ хъуащ Мэшуламэ-
рэ лэбий ЩэбэтIейрэ. 16 Адрейхэм а унафэр даIыгъащ. Гъузер-
тхьэпщым унагъуэхэм я нэхъыжьхэм я цIэр къриIуэурэ къыхишащ.
ЕпщIанэ мазэм и япэ махуэм[b] ахэр зэхэтIысхьэри Iуэхур зыIутыр
зэхагъэкIын щIадзащ. 17 Япэ мазэм и япэ махуэм[c] ирихьэлIэу хамэ
лъэпкъхэм я цIыхубзхэр щхьэгъусэ зыщIахэр къахутащ.

## ***Хамэ лъэпкъхэм щыщхэр щхьэгъусэ зэращIамкIэ къуаншэхэр***

18 Хамэ цIыхубзхэр щхьэгъусэ зыщIа тхьэпщхэр мыхэращ:
Йосадыкъ и къуэ Йушэрэ абы и къуэшхэмрэ къатехъу-
кIахэм щыщ МэIэсей, Елизар, Йарыб, Джэдалий сымэ;

[a] 10:9 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 458 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м.
[b] 10:16 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 458 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м.
[c] 10:17 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 457 гъэм гъатхэпэм и 27-м.

19 (Абыхэм псоми тхьэ яIуащ я щхьэгъусэхэр ирагъэкIы-
жыну. ИужькIэ абыхэм дэтхэнэ зыми тIы зэрыз гъэзэ-
кIуэж къурмэн ящIащ.)
20 Имер и щIэблэм щыщ Хьэнэнийрэ Зэбэдейрэ;
21 Хьэрым и щIэблэм щыщ МэIэсей, Iилэ, Шэмей, Йэхьил,
Iузий сымэ;
22 Пэщгъур и щIэблэм щыщ Елэуэней, МэIэсей, Исмэхьил,
НэтанрэIил, Йозэуад, Елэс сымэ;

23 лэбийхэм ящыщ Йозэуад, Щэмей, Чэлей (ЧэлытIэкIэ зэджэр),
ПIэтIэхей, Ехьуд, Елизар сымэ;

24 уэрэд жызыIэхэм ящыщ Елэшыб;
бжэIутхэм ящыщ Щалум, ТIэлэм, Iурий сымэ;

25 адрей исрэIилхэм ящыщу:
ПэрIуш и щIэблэу Арамей, Iизей, Мэлычей, Меймин,
Елизар, иджыри нэгъуэщI зы Мэлычей, Бэней сымэ;
26 Елэм и щIэблэм щыщ Мэтэней, Зэчрей, Йэхьил,
Iэбдей, ЙэрэмэтI, Iилэ сымэ;
27 ЗэтIу и щIэблэм щыщ Елэуэней, Елэшыб, Мэтэней,
ЙэрэмэтI, Зэбэд, Азизэ сымэ;
28 Бэбей и щIэблэм щыщ Йохьэнан, Хьэнаней, Зэбай,
АтIылей сымэ;
29 Бэний и щIэблэм щыщ Мэшуламэ, Мэлыкъу, Адей,
Йашуб, ШэрэIил, ЙэрэмэтI сымэ;
30 Пэхьэтмэуаб и щIэблэм щыщ Адын, Чэлал, Бэней,
МэIэсей, Мэтэней, Бацэлал, Бинуй, Минащ сымэ;
31 Хьэрым и щIэблэм щыщ Елизар, Ищей, Мэлычей,
Шэмей, Шамхьун, 32 Бенамин, Мэлыкъу, Шэмэрей
сымэ;
33 Хьэшум и щIэблэм щыщ МэтIэнай, МэтIатIэ, Зэбэд,
Елфэлэт, Еримей, Минащ, Щэмей сымэ;

34 Бэний и щIэблэм щыщ МэIэдей, Имран, УэIил, 35 Бэней,
Бэдей, Чэлыхъу, 36 Уэней, МэрэмытI, Елэшыб, 37 Мэтэней,
МэтIэнай, ЙаIэсей сымэ;
38 Бинуй и щIэблэм щыщ Щэмей[a], 39 Щэлэмей, Нэтан,
Адей, 40 Мэчэндэбей, Щэщей, Щэрей, 41 АзэрэIил,
Щэлэмей, Шэмэрей, 42 Щалум, Хьэмэрей, Исуф сымэ;
43 Нэбэу и щIэблэм щыщ ЙэIил, МэтIытIей, Зэбэд,
Зэбынэ, Йадай, ЙоIил, Бэней сымэ.

44 Абыхэм псоми я щхьэгъусэхэр хамэ лъэпкъхэм щыщт, языныкъуэхэми сабий къыхуалъхуат[b].

[a] 10:38 Е: «Бэний, Бынуй, Щэмей».
[b] 10:44 Е: «щыщти, я бынхэр зэракIэщIэсу, ирагъэкIыжат».

## «Гъузер и тхылъым» узыщрихьэлIэ фIэщыгъэхэм я псалъалъэ

***Лэбийхэр*** – Екъуб и къуэ Лэбий и щIэблэщ, исрэIил лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутIым щыщщ. Мусэ и лъэхъэнэм Тхьэм лэбийхэм ящыщ Хьэрунрэ абы и щIэблэмрэ тхьэпщ хьэкъыр и пащхьэ щрахьэкIыну къыхихат, а къудамэм щымыщ лэбийхэм тхьэпщ къуэдзэу щытыныр къахуиухат.

***МазэщIэ тхьэлъэIу*** – Мазэм теухуа махуэгъэпсым иригъуазэ исрэIилхэм мазэщIэр къэунэху къэс Тэурэт Хабзэм тету мазэщIэ тхьэлъэIу ящIу щытащ.

***ТХЬЭ*** – Хьэрфышхуэ защIэкIэ тхауэ ди зэдзэкIыгъэм узыщрихьэлIэ «ТХЬЭ» псалъэм къигъэлъагъуэр журтыбзэ текстхэм хьэрфиплIу зэхэту къыщыкIуэ «ЙХВХ» псалъэращ. Тхьэм Муси исрэIилхэми закъызэрыригъэцIыхуауэ щытар а цIэмкIэщ. Езы псалъэр «щыIэн» мыхьэнэр зиIэ пасэрей журт псалъэм къытекIыу къыщIэкIынущ. И IукIэ дыдэр нахуэу щымытми, щIэныгъэлэжьхэм ар «Яхве» къэпсэлъыкIэм нэхъ пэблагъэу хуагъэфащэ.

***Тхьэпщ*** – ТхьэхуэIухуэщIэхэр зэфIэзыгъэкI, а хьэкъыр зи пщэ дэлъ цIыхущ. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, тхьэпщыр Мусэ и къуэш Хьэрун и щIэблэм щыщын хуейщ. Абыхэм тхьэпщ хьэкъыр япэ щIыкIэ Шэтыр ЛъапIэм щрахьэкIащ, иужькIэ я къаленыр Тхьэм и Унэм щагъэзащIэу хуежьащ. Абыхэм я пщэ дэлът тхьэхуэIухуэщIэ Iуэхугъуэхэр зэрагъэкIуэну, къурмэн ящIыну, дауэдапщэхэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну. Тхьэпщхэм ядэIэпыкъурт лэбийхэр.

***Уримрэ тумимрэ*** – Тхьэм и унафэр зыхуэдэр къащIэн щхьэкIэ тхьэпщхэм зэрахьэ кIэнхэм арат зэреджэр. ФIыцIагъэ ЛъапIэм зыщIыпIэ дежи нахуэу къыщыхэщкъым а унафэр къызэращIэу щыта щIыкIэр, ауэ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, тхьэпщ кIэпхыным дыщэ лэрыпскIэ епха бгъэIулъым илъ кIэн лъапIэхэр кърахырти ядзырт, Тхьэм и унафэр зыхуэдэри абыкIэ къащIэрт. «Урим» псалъэм «нэху», «тумим» псалъэм «нэгъэса», «дагъуэ зимыIэ», «сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ» жиIэу аращ къикIыр.

## «Гъузер и тхылъым» узыщрихьэлIэ псалъэ гурыIуэгъуейхэм я псалъалъэ

***Жэрдэм*** – хьэрычэт.

***Зейтун*** – илъэс хъурейкIэ пщIащэ зыпыт жыг лъэпкъ, къыпыкIэм дагъэ къыщIапIытIыкI, «олива» жыхуаIэращ.

***Къыдыр*** – цIыхухэм зэрахуэ псэущхьэ, шыд хакIуэр шыбзым техуэу къалъхуа Iэщ.

***Къуэды, Хьэкъулэ*** – къэралым лъысу цIыхухэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я мылъкум, хэхъуэм къыхагъэкI Iыхьэ.

***ЛIакъуэлIэш*** – и лъэщагъкIэ, тетыгъуэ иIэкIэ пщым къыкIэлъыкIуэу щыта уэркъ лъэпкъ; мыбы зэрыхэтымкIэ – IэнатIэ лъагэ зиIэ цIыху лъэрызехьэ, тепщэныгъэ зиIэ, куэд зыхузэфIэкI.

***МыкIумыпщ*** – щIакхъуэгъэтэдж зыхэмылъ.

***Уэздыгъей*** – илъэс хъурейкIэ цыпхыдзэм хуэдэ и пщIащэхэр зыпыт, шыкIуртIым къызыпыкIэ, лъагэу дэкIей жыг, «сосна» е «кедр» (къурш уэздыгъей) жыхуаIэращ.

***Хъарзынэщ*** – хъугъуэфIыгъуэхэр щахъумэ, щызэрахьэ щIыпIэ; хъумапIэ.

***IущIын, ТеIущIыкIын*** – фIанэжьрэ уэщкIэ уеуэурэ пхъэр, мывэр джафэ щIын; узыхуей теплъэр къыхэгъэкIын.


Хы ФIыцIэ
Хы Къарс
ЛУД
ЕРМЭЛЫ
МЫД
ПАРТЕЙ
Нинуй
Ахъмэт
ЩIыкурытых
Щам
КЪЭЖЭР
Щэмэрей
Ерусалим
Бабылей
Шушан
Парсэ
Моф
ХЬЭРЫП
МЫСЫР
Къэжэр хыжьэ
Тибэ
Хы Плъыжь
Аныл
Къэжэр пащтыхьыгъуэ
©UBS, 1999

**Гъузер и тхылъыр**
Книга Ездры на кабардино-черкесском языке
Book of Ezra in Circassian (Kabardian) (ISO: kbd)

Тираж 20 экз.